

PAJ DETAY

1. *Kisa Akademi Paran an ye?*

Akademi Paran an se yon nouvo inisyatif kontinyèl Lekòl Leta Miami-Dade County pou ede paran yo vin patnè konplè nan edikasyon pitit yo.

2. *Kilè Akademi Paran an ap ouvè?*

Akademi Paran an ap ouvè an out 2005 pou enskripsyon ak kèk klas edikasyon pou adilt. Pifò nan nouvo klas yo ap kòmanse an septanm 2005.

3. *Kòman yo defini yon paran?*

Yo defini yon paran tankou nenpòt moun k ap pran swen elèv nou yo.

4. *Ki kalite klas yo ofri?*

Yo òganize klas yo an twa tyè: klas Debaz yo, Klas pou plis Konesans e Klas pou Sètifikasyon. Nan premye ane a, Akademi Paran an ap ofri kou Debaz yo ak Kou plis Konesans yo sèlman. Yo kreye Kou Debaz yo pou aprann paran yo kòman pou yo ede pitit yo gen siksè nan lekòl. Kou pou plis Konesans yo ap ede paran yo devlope pou kont yo ladrès yo pèsònèlman e pwofesyonèlman. Klas Sètifikasyon yo, yo planifye pou twazyèm ane a, yo pral ofri paran yo opòtinite pou devlope plis ladrès pou yo jwenn travay nan yon pwofesyon patikilye.

Anplisdesa, gen de (2) lòt kalite kou yo pral ofri – Klas Siyati, yo kreye yo pou anseye yon sijè espesifik pou yon odyans yo vize, “Lunch and Learn” Manje e Aprann, ki se yon seri de klas tou kout biznis nan katye a ap prezante.

5. *Kòman pou m jwenn klas mwen vle pran yo?*

Yo bati yon orè ki gen plis pase 500 klas y ap ofri nan plis pase 80 lokasyon ki pral disponib apati de 13 out 2005. Y ap distribye kopi nan tout lekòl leta Miami-Dade County ak biwo rejyon yo, bibliyotèk nan tout konte a, legliz/tanp, boutik/magazen, PTA, e enstitisyon edikasyon wo yo. Dènye enfòmasyon sou orè ajou klas yo ap sou Entènèt nan www.theparentacademy.net.

6. *Èske ap gen frè pou peye pou ale nan nenpòt klas y ap ofri yo?*


Non. Y ap ofri tout klas yo gratis konplètman.


7. *Ki kote klas yo ap ye?*

Pandan yon ane n ap fè klas yo nan lekòl leta nou yo, bibliyotèk, biznis prive, ajans nan kominotè a, lokasyon travay, kolèj, atraksyon, mize, e sant vwazinaj yo. Lokasyon prensipal yo ap lekòl nan zòn nou ye a.

8. *Èske y ap ofri klas yo nan lòt lang ke Anglè?*

Wi, y ap ofri yo tou an Espayòl e an Kreyòl. Pou w ka konnen si yo ofri klas nan lang ou prefere a, tcheke lis kou yo.





9. Kòman pou m enskri?

Ou kab enskri nan rele biwo Akademi Paran an nan 305-995-2680 oubyen vizite Paj Entènèt Akademi Paran an nan www.theparentacademy.net.

10. Si yo pa ofri yon klas nan zòn mwen an èske yo ka kreyel?

Yo pral ajoute nouvo klas pandan tout ane a. Si resous yo disponib e gen yon gwoup paran ki enterese, nou ka sètènman ouvè yon klas nan kominote w la.

11. Pale m de transpòtasyon ak sèvis pou gade timoun?

Transpòtasyon ale e retou nan klas ak gadri disponib nan lè paran an nan klas pou fanmi ki elijib. Nou ap jwenn enfòmasyon ak fòm pou n resevwa “token” pou transpòtasyon piblik ak STS nan lis klas yo e nan paj Entènèt nan www.theparentacademy.net. Kèk nan lekòl adilt nan Miami-Dade yo ofri gadri. Paran ki bay gade timoun yo lè yo ale nan klas Akademi Paran yo kab aplike pou ranbousman. N ap jwenn enfòmasyon sa yo nan orè klas yo.

12. Kisa Seri Ekspoze yo ap ye?

Daprè demand popilè, Akademi Paran an ap mennen “parenting” nasyonal fòmasyon paran ak ekspè nan edikasyon nan Miami pou pataje ekspètiz yo ak paran e fanmi yo.

13. Èske paran yo ap gradye nan Akademi Paran an?

Chak paran ki ale nan klas ap resevwa yon sètifika tèminezon. N ap devlope yon fason pou n rekonèt kòm “gradye” paran ki ale e fini yon sèten nonb klas nan yon sijè espesifik.

14. Èske nou enkli lòt resous ki egziste nan kominote a pou nou pa ap “re-envante lawou?”

Wi, men li se yon efò kontinyèl e jounalye. Chak jou nou tande nouvo gwoup moun ki gen kèk bagay k ap fèt kounye a oubyen yo ta renmen kòmanse yon aktivite. N ap kontan resevwa referans.

15. Ki moun ki planifye e k ap dirije Akademi Paran an?

Yon gwoup ki gen plis pase 100 sitwayen ede planifye Akademi an depi novanm 2004. Majorite nan manm komite a se paran elèv nan sistèm lekòl nou an. Anplwaye ak paran yo travay ansanm ak manm kominote a ak yon kantite patnè pou ede mete pwòje sa a sou pye. Akademi an pral fonksyone anba direksyon Lekòl Leta Miami-Dade County, an kolaborasyon ak sipòtè e moun k ap patwone l yo.

Y ap fòme yon gwoup sipèvizyon oubyen komite pou rankontre regilyèman ak dwayen Akademi Paran an ak ofisyèl sistèm lekòl la pou yo ka sètèn Akademi an ap adrese bezwen tout pati ki konsène yo.

16. Èske n ap evalye Akademi Paran an?

Wi. Gen yon evalyasyon twazan ki planifye an konjonksyon ak pwogram biwo evalyasyon Miami-Dade County ak yon patnè edikasyon pi wo. Nou vle sètèn n ap delivre sa nou di nou ye a, e ke, alavni, Akademi Paran an ap fè diferans nan akonplisman elèv yo ak satisfaksyon paran yo e patisipasyon yo.

Akademi Paran an

Lekòl Leta Miami-Dade County
1450 N.E. Second Ave., Suite 216
Miami, Florida 33132
Telefòn: 305.995.2680 • FAKS: 305.995.4679
www.theparentacademy.net